

Etidyan Entènasyonak Ak Nimewo Sekirite Sosyal



Èske ou Ozetazini pou yon ti tan pou ale nan kolèj, lekòl lang, lekòl metye oswa lekòl pwofesyonèl ki pa yon lekòl akademik epi ou gen yon viza non imigran F-1, M-1, oswa avèk yon klasifikasyon etidyan J-1? Lekòl ou ka mande ou nimewo Sekirite Sosyal ou. Kèk kolèj ak lekòl itilize nimewo Sekirite Sosyal kòm nimewo pou idantifye etidyan yo. Si ou pa genyen yon nimewo Sekirite Sosyal, kolèj la oswa lekòl la ta dwe an mezi pou ba ou yon lòt nimewo idantifikasyon.

Anjeneral, nimewo Sekirite Sosyal distribye bay moun ki gen otorizasyon pou travay Ozetazini. Nimewo Sekirite Sosyal yo sevi pou rapòte salè ou bay gouvènman an, epi pou detèmine elijiblite ou pou benefis Sekirite Sosyal. **Sekirite Sosyal pap asiye ou yon nimewo tou senpleman pou ou ka anwole nan kolèj oswa nan lekòl.**

Kisa mwen dwe fè pou mwen travay Ozetazini?

Si ou vle jwenn yon djòb nan kanpis la, ou ta dwe kontakte ofisyèl lekòl ou ki deziyen pou etidyan entènasyonak yo. Ofisyèl sa a ka di ou si ou elijib pou travay nan kanpis la, epitou li ka ba ou enfòmasyon sou djòb ki disponib yo. Epitou, lekòl ou ka apwouve sèten travay limite lwen kanpis la, selon jan sa otorize nan règleman Department of Homeland Security (DHS). **Si lekòl ou otorize ou travay swa nan kanpis la oswa lwen kanpis la, epi ou satisfè kondisyon elijiblite Sekirite Sosyal ki dekri nan pwochen seksyon an, ou ka jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal.**

Kòman pou mwen aplike pou yon Nimewo Sekirite Sosyal?

Anjeneral, se sèlman moun ki pa sitwayen ameriken men ki gen otorizasyon DHS pou travay ki ka aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal. Pou aplike pou yon Nimewo Sekirite Sosyal:

- Ranpli yon Fòm *Aplikasyon Pou Yon Kat Sekirite Sosyal* (Fòm SS-5-HC); epi
- montre nou dokiman orijinal ki pwouve:
 - Kondisyon imigrasyon ou;
 - Elijiblite travay ou;

—Laj ou; ak
—Idantite ou.

- Pote fòm aplikasyon ou ranpli a ak dokiman ou yo nan biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou.

Kondisyon Imigrasyon

Pou pwouve kondisyon imigrasyon ou, ou dwe montre nou dokiman imigrasyon ou genyen nan moman an, I-94, *Arrival/Departure Record (Dosye Antre/Sòti)*, DHS te founi ou lè ou te antre Ozetazini. Si ou se yon etidyan F-1 oswa M-1, nou bezwen wè tou fòm I-20 ou, *Certificate of Eligibility for Nonimmigrant Student Status (Sètifika Elijiblite pou Sityasyon Etidyan Ki Pa Imigran)*. Si ou se yon vizitè pou yon pwogram echanj J-1 oswa J-2, ou dwe montre nou fòm DS-2019 ou, *Certificate of Eligibility for Exchange Visitor Status (Sètifika Elijiblite pou Estati Vizitè Echanj)*.

Elijiblite travay

Si ou se yon etidyan F-1 epi ou elijib pou travay nan kanpis la, ou dwe bay yon lèt ki sòti nan men ofisyèl ki deziyen nan lekòl ou pou idantifye anplwayè ou ak kalite travay ou ap fè oswa kalite travay ou pral fè. Nou bezwen prèy travay la tou, tankou yon bilten salè (souch chek) resan, oswa yon lèt travay ou. Sipèvizè ou dwe siyen lèt la epi li dwe mete dat ladan li. Lèt la dwe dekri:

- Djòb ou;
- Dat kòmansman travay ou;
- Kantite èdtan ou ap travay oswa ou pral travay, epi
- Non ak nimewo telefòn sipèvizè ou.

Si ou se yon etidyan F-1 ki gen otorizasyon pou travay nan pwogram fòmasyon pratik, ou dwe ban nou Fòm I-20 ou avèk paj fòm travay la (paj 3). Ofisyèl ki deziyen nan lekòl ou dwe ranpli paj sa a epi siyen li.

Si ou se yon etidyan F-1 oswa M-1, epi ou gen otorizasyon pou travay lwen kanpis la, ou dwe ban nou *Employment Authorization Document—Dokiman Otorizasyon Pau Travay* (I-766 or I-688B) ou te resevwa nan DHS.

Si ou se yon etidyan J-1, ou dwe ban nou yon lèt sipòtè ou (sponsor). Lèt la ta dwe gen antèt sipòtè a, avèk yon siyati orijinal ki otorize ou travay.

Laj

Ou dwe prezante batistè ou si ou genyen li oswa si ou ka jwenn li san pwoblèm. Si non, nou ka konsidere lòt dokiman, tankou paspò ou oswa yon dokiman DHS founi ou pou pwouve laj ou.

Idantite

Nou ka aksepte sèlman kèk dokiman kòm prèv idantite. Yon dokiman akseptab dwe kouran (pa ekspire) epi li dwe montre non ou, enfòmasyon sou idantite ou epi nou pito dokiman an genyen yon foto ki resan. Sekirite Sosyal ap mande pou wè dokiman imigrasyon Etazini ou genyen. Pami dokiman imigrasyon ki akseptab yo, genyen:

- Fòm I-551 (avèk tou viza imigran ki nan paspò etranje ou ki poko ekspire) ki ka verifye nan aparèy ki fèt pou sa.
- Fòm I-94 avèk paspò etranje ou ki poko ekspire; oswa
- kat pèmi travay DHS ba ou (I-766 oswa I-688B).

Tout dokiman yo dwe oswa orijinal oswa kopi ki sètifye nan biwo ki founi dokiman yo. Nou pa ka aksepte fotokopi oswa kopi dokiman ki notarye. Nou pa ka aksepte non plis tou yon resi ki montre ou te aplike pou dokiman an. Nou ka itilize yon dokiman pou de (2) rezon. Pa egzanp, nou ka itilize pèmi travay DHS ou kòm prèv elijiblite ak idantite ou. ***Men tou, ou dwe prezante omwen de (2) dokiman diferan.***

Èske mwen bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal anvan mwen kòmanse travay?

Nou pa egzije ou pou ou gen yon nimewo Sekirite Sosyal anvan ou kòmanse travay. Men tou, Internal Revenue Service (Sèvis Enpo sou Revni Ameriken) mande travay yo pou yo rapòte salè yo. Pou fè sa, l ap itilize yon nimewo Sekirite Sosyal. Pandan ou ap tann nimewo Sekirite Sosyal ou, patwon an ka itilize yon lèt nou ki endike ou aplike pou yon nimewo. Travay ou ka itilize dokiman imigrasyon yo kòm prèv otorizasyon ou pou travay Ozetazini. Travay ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sit entènèt nan www.socialsecurity.gov/employer/hiring.htm.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.